



# VIN PWÒP SSIPÈ-EWO W LÈ W PRAN YON VAKSEN POU COVID-19

Selil T nayif yo jwe yon wòl enpòtan nan defans kò a kont nouvo enfeksyon. Yo pwodui selil destriktè ak antikò pou konbat enfeksyon an.

Moun ki poko gen 65 lane jeneralman gen yon pi gwo kantite selil T, sa ki ede yo pi byen konbat viris, sa ki vin mennen yon pi fèb pousantaj maladi grav, yo mwens entène lopital, ak mwens ka lanmò.

Moun ki gen 65 lane ak plis yo pa gen otan selil T. Sa vin fè, yo pa kapab devlope defans avèk efikasite menm jan ak moun ki pi piti yo lè yo fè fas ak yon enfeksyon, ki vin mennen a pi gwo pousantaj maladi grav, plis entène lopital, ak plis ka lanmò.

Vaksen yo ka ede simonte defisi selil T sa a pandan y ap kreye defans (antikò ak selil destriktè) alavans. Defans sa a ki deja egziste a se yon zouti pwisan nan konbat viris la. Lè w resevwa vaksen an, li ranfòse selil destriktè w yo epi li ede w konbat viris la, sa ki bay yon gwo defans kont maladi grav.

Byenke done yo montre ke to enfeksyon ki vini ak sentòm nan diminye ak vaksen an lakay adilt ki aje yo, avantaj ki pi enpòtan an se yon rediksyon nan gravite maladi a. Sa vle di gen mwens chans pou yo malad grav, pou yo entène lopital, ak menm pou yo mouri. Epi gen prèv klè ki montre ke vaksen yo bese pousantaj rezilta grav sa yo anpil.

**Nou prevwa aparisyon COVID-19 nan fen mwa Jen jiska Septanm epi Desanm jiska Fevriye.**



Materyèl sa a te prepare pa Veterans Health Administration (Administrasyon Sante Veteran yo), U.S. Department of Veterans Affairs (Depatman Zafè Veteran yo) epi modifiye pa Alliant Health Solutions, yon Rezo Inovasyon Kalite - Organizasyon pou Amelyorasyon Kalite (QIN - QIO) sou kontra avèk Medicare & Medicaid Services (Sant pou Sèvis Medicare ak Medicaid, CMS), yon ajans U.S. Department of Health and Human Services (Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini, HHS). Pwendvi ki ekspri nan materyèl sa a pa nesèman opinyon ofisyèl oswa politik CMS oswa HHS, epi nenpòt referans nan yon pwodwi oswa antite espesifik ki isit la pa reprezante yon apwobasyon pwodwi oswa antite sa a pa CMS oswa HHS. Piblikasyon No 12SOW-AHS-QIN-QIO-TOI-NH-5847-06/07/24